ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№114 (22.772) • 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныжмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр афІэщыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныжмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр афІэщыным и Іуэхукіэ

**Бэян Мадинэ Хьэжболэт и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и план-экономикэ къудамэм и унафэщІым

**Бондаренкэ Валентинэ Владимир и пхъум** - «Май муниципальнэ районым цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэзэхэр яхуэщІэныжмкІэ и комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым

**Габачиевэ Роэзэ Мухьэрбэч и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм лэжьапІэмкІэ, къэрал къулыкъущІэхэм яхуэгъэзэ социальнэ шэсапІэхэмкІэ, социальнэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІым

**Къарэмырзэ Фаризэт Мухьэмэд и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и Іуэхугуп щхьэхуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныжмкІэ и къудамэм и консультантым

**Юсуповэ ФатІимэт Хъызыр и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Налшык къэлэ округым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ щІэ и управленэм социальнэ льготэхэмрэ дэІэпыкъуныгъэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м*
*№128-УГ*

**Чазов Е. И. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ и Іэнатіэр егъэфІэкІуэным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхишхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Чазов Евгений Иван и ыуэм** - Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм и «Урысей кардиологие щІэныгъэ-производствэ комплекс» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и генеральнэ директорым, «Урысейм и дохутырхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президентым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м*
*№131-УГ*

● МафІэгу

# Пуду, тыншу

2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м зекІуэн щІадзэ Минеральные Воды - Налшык (махуэм тІэу) Прохладнэ - Налшык (махуэм плІэ), Минеральные-Воды - Беслъэн (махуэм тІэу) гъущІ гъуэгуэхэм тет мафІэгуэхэм. КъБР-м и Правительствэм къалэн зыщещІыж цІыхухэр гъущІ гъуэгу транспортымкІэ къезышэкІ «СКПК» ОАО-м игъуэт хэщІыныгъэхэр хуипшынысыжу. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм унафэ кІыщтащ школакІуэхэмрэ студентхэмрэ я гъуэгуплІэхэм процент 50 зэрахудичыхьм кІыхькІыу я гъущІ гъуэгу компаниием игъуэт хэщІныгъэхэри иритыжыну.

Къэрэлъэгъуэн хуейщ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и фІыгъэкІэ, КъБР-м и цІыхухэм ятыну гъуэгупщІэхэр Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм щынэхъ цІыкІу дыдэу зэрыщытынур.

***КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу ухуэныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● ЕГЭ

# ТкІийуэ якІэлъоплъ

**Школыр къэзыухахэм экзаменхэр мэкъуауэгъуэм и 9-м ятащ биологиемкІэ, тхыдэмкІэ, информатикэмкІэ, информацэ-коммуникацэ технологиеХэмкІэ. Ахэр ягъеджакІуэхэм къыз1эрыхахам тещІыхьаныгъэ икІи ныбжьыщІэ куэд иокІуалІэ.**

ЭКЗАМЕН щыІэх щыпІэу 30 кьыз1эрагъэпэщащ. Абы хабзэр зэрагъэзащІэм щыкІэлъыплъащ къыз1эгъэпэщакІуэу 854-рэ, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэу 118-рэ.

КъыхэгъэщхьэхукІын хуейщ экзаменщ атІэпэщэ ВидеокІэлъыплъыныгъэм зэрыщІэтыр, ахэр гъущІ къэзылъхьахъэу Іэмэпсымэхэмкіэ къыз1эращыр.

Штаб нэхьыщхьэр ткІийуэ кІэлъоплъ мы Іуэхум щебакъуэ къамыгъэхьун папщІэ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**




## Бэлыхь хэхуахэм ядоІэпыкъу

**Украинэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щытыкІэр нэхъри зэрыщыгъэщІэплъэм, абы лъы зэрыщагъажэм къыхэкІыу лей къатохьэ лажьэ зимыІэ цІыху мамырхэм. Ахэр а щІыпІэм къишынымы, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыным теухуа унафэ ищІащ къэралым и президенту иджыблагъэ хаха Порошенкэ Пётр.**

«Украинэм и президентым зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэм я пщэ ирилъхьащ гъэзэгъуэ хэхуа цІыхухэм ядэІэпыкъуну, а щІыпІэм кьиІэгъэхъукІыну хуейхэм апхуэдэ Іэмал иратыну», - щыжиІэ абы теухуауэ зэбграгъэхэ хъыбарым. Апхуэдэуи президентым къэралым и правительствэм къалэн щищІащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм ар нэсу къызэрагъэпэщыну, цІыхухэр ерыскъы, псы щамыгъэщІэну.

## Кхъухьлъатэр иримыхужьмаи

**Кутаиси - Минск гъуэгуанэм тет кхъухьлъатэм и командирым дыгъуасэ зыгуэрым тхыгъэ Іэригъэхьащ, и гъуэгум текІыу Европэм и къэралхэм ящыщ зыжьІэ иунэтІыну хуиГъэувУ.**

Абы жиІэхэр хуамыгъэзащІэмэ, кхъухьлъатэр къиГъэуну далъэрт. Кхъухьлъатэм ист цІыху 34-рэ, экипажыр плІы хъурт.

Кхъухьлъатэр зезыгъакІуэхэм, зэранщІакІуэм епсалъэ хуэдэурэ, яхуэфІэкІащ Минск аэропортым кьыщетІысэжкІи. Белоруссием шынагъэнщагъэ хэмыгъэхъуныжмкІэ и Іэнатіэхэм къэхъуам и хьыбар яІэрыхьауэ хьэзырыххэри, ахэр Іуэхум яужь ихьащ икІи бзаджащІэм зыкъитыну къагъэдэІуащ.

Ар Кужьм щыщ, 1973 гъэм кьалъхуа цІыхухэуу кьыщІэкІащ. КьызэратамкІэ, абы зэранигъэ зыри илэжьакъым, хабзэхъумэхэм я Іэмыщ1эми езым зрилъхьащ. Апхуэдэу щытми, уголовнэ Іуэху кьаІэтащ, кхъухьлъатэ ирихужьэну зэрыхэтам папщІэ статьям кьыщыгъэльэгъуахэмкІэ ягъэкъуаншэу.

## ЕпщІанэ президент

**Израилым и парламентым и Іэтащхьэу щыта, хэку унафэр иджыпсту зыІэщІэлъ партхэм ящыщ «Ликуд»-м хэт Ривлин Реувен а къэралым и епщІанэ президенту хахащ.**

Хэхьыгъэхэм я ятІуанэ Іыхьэм Израилым и парламентым хэт депутат 120-м щыщу 63-м абы папщІэ Іэ ялэтащ. Адрейхэр абы и ныкъуэкъуэгъу, къэрал кІуэцІ Іуэхуэкмкіэ министру лэжьа Шиттрит Меир и телъхьэт.

Президентыщ1эмрэ къэралым и премьер-министр Нетаньяху Биньяминрэ зэфІкъым. Иджы ахэр зэрызэдлэжьэну щыкІэр, зэрызэзэгъыныр къаХуэмыщІэу куэд топсэлъыхь.

- Лэжьыгъэшхуэ ирахьэлІащ мы спорт залыр кьызэгъэпэщыным. Абы зи гуащІэ езыхьэлІа, мылъкукІэ зыкъытщІэзыгъэкъуа, спорт хьэпшыпхэмкІэ дыкьызэзыгъэпэща дэтхэнэми фыщІэ ин яхуэхьыжь Танэ Эдуард, КъБР-м спортымкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, спортсменхэм я адэ-анэхэр, пэшыр шынагъуэнщэу зыхуей хуэгъэзэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзыха КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэр, - кьыхигъэщащ Шэрджэс Заурбэч.

**УАРДЭ Жантинэ.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Дыгъуасэ

# ЗыгъэсапІэ къыхуэзІуах

**Налшык къалэ дэт универсальнэ спорт комплексым дыгъуасэ ящыщ1эзІуахащ Іэпщэрыбанэ зауэ спорт АІэужьыгъуэм хуэщІа пэш. Зыхуей псомкІи кьызэгъэпэща залым и алэрыбгъуэм щиувыкІат Іэпщэрыбанэ зауэм хэзэгъа, екъулІэныгъэ гуэрхэр зыІэрызыгъэхьа спортсмен ныбжьыщІэхэр, хьэщІэхэр.**

КъБР-м спортымкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн** Іуэхугуэр гуапэр кьызэІуихри, куэдрэ зыпэплъа Іэпщэрыбанэ зауэм пэш хэха кьызэрыхуэзэрагъэпэщам мыхьэнэшхуэ зэриІэр, спортсменхэр абы нэхьри зэригъэгушхуэнур, ипэкІэ зэрыкІуэтэнур и фІэщ зэрыхьур, екъулІэныгъэхэр зыІэрагъэмэ зэригуапэр жиІащ. Апхуэдэу фІыщІэ яхуищІащ спорт залыр къызэІухыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа, мылъкукІэ закъыщІэзыгъэкъуа дэтхэнэми.

- КІуэ пэтми спортым ди лъахэм зэрызыщиужьыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэр фІыкІэ зыгъэІу, абы и пщІэр, щІыхьыр зыІэт спортсменхэм кьаззэрыхэхъуэр дыхьэрыгушхуэщ. ЕкъулІэныгъэ лъагэхэр зыІэрыгъэхьэну си гуапэщ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КъБР-м и Парламентым и депутат Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэта зауэлІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур.**

- Тренерым фызыхуиущиІм, и жьІэм фыщІэтмэ екъулІэныгъэхэр зыІэрывгъэхьэфынущ, зыщІевмыгъэх, ипэкІэ фыкІуатэ,- кьыпищащ псалъэмакъым 2004 гъэм Афины щекІуэкІа Олимпиадэм жэз медаль кьыщызыхьа, дзюдомкІэ Урысейм и ныбжьыщІэ командэ кьыхэхам и тренер **Тау Хьэсэнбий.**

Республикэм Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ и федерацэм и президент, **Шэрджэс Заурбэч** и спортсменхэм гугъэфІхэр зэрырипхыр, а спорт лІэужьыгъуэм дяпэкІи кьыдихьэхьнухэм кьаззэрыхэхъуэнур и фІэщ зэрыхьур, зыщагъэсэн, зэхьэзэхуэхэр щрагъэкІуэкІын пэш хэха зэраІэм зэрыщыгуфІыкІыр жиІащ.

**Дыгъуасэ ящІэрыгъуэ**

# Ди Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ**

**«Хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Хэхьныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№1956-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхах щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхах щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№1960-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхах щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщІащ 2014 гъэм накъыгъэм и 27-м.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхах щІыкІэм и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мазыжьыхьым и 23-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым №19-РЗ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы 4-1-нэ статья дэщІыгъуэкІи мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«**4-1 статья**. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр и кьулыкъым зэрыпэрыувэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, мы Законым ящІэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэу хэхаР и кьулыкъым пэроуэр абы яІэпкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэу хэхауэ щытар и кьулыкъым зэрыпэрыувэрэ ильэситху дэкІа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и полномочиехэр я пІалъэр кьэмысу щхьэщащхамэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр щыхаха махуэм щегъэжьауэ».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*№36-РЗ*

**«2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№1967-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хэхыгъуэщІэм и депутатхэр хэхьныр егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «б» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 11-нэ статьям ящІэ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хэхыгъуэщІэм (етхуанэ хэхыгъуэм) и депутатхэр хэхьныр 2014 гъэм фокІадэм и 14-м егъэкІуэкІын.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм яхуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт официальнэу кьыщыгъэтрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м*
*№1985-П-П*

**«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Законым хэпІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Законыр дэІыгъын.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэм ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м*
*№1986-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэманыр сыхьэт бжыгъэкІэ къыз1эрыщабжьм и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхилъхьэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Дунейпсо зэманыр щІым и пояс пьухыкІахэм ятещІыхьауэ зэрагъэувым нэхъ пэгъунэгъуу Урысей Федерацэм зэманыр къызэрыщабж системэр гъэувыным и Іуэхукіэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Д. А. хуегъэзауэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Кърал Думэм игъэхьа тхыгъэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Дунейпсо зэманыр щІым и пояс пьухыкІахэм ятещІыхьауэ зэрагъэувым нэхъ пэгъунэгъуу, Урысей Федерацэм зэманымкІэ и пІэпкІэ мардэр москва зэманыр ещанэ сыхьэт поясым тету зыгъэгъэ ягъэрей системэм зэхэІуэжьныр икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр москва зэманым и мардэм хэту къэгъэнэжьныр тэмэму къэлъытэн.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. хуегъэхьын зэманыр сыхьэт бжыгъэкІэ къыз1эрабжьм теухуауэ зэакъылэгъуу къащта Іуэхур Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм къыщыхилъхьэн папщІэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м*
*№1995-П-П*

● НОБЭ

♦Астана щежьэнущ «КъежьапІэхэм хуэкІуэ гъуэгу» дунейпсо зекІуэр. Ар кІуэцІрыкІынущ Урысей Федерацэм, Украинэм, Къэзахстаным, Молдовэм, Румынием, Болгарием, Алыджым. ЗекІуэр иухынущ шыщхьэуІум и 13-м.

♦Мэкъуауэгъуэм и 11 - 20-хэм Венэ щызэхэтынущ ООН-м хьэршыр мамыр мурадхэм къыхуэгъэсэбэпынмкІэ и комитетым и 57-нэ сессиер.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и артисткъ **ДыщэкІ ФатІимэт** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщщышынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьнущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Зи бзэ пщІэм уриІэзэщ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным хэтыну хуитынытыгъэ зиІэ политикэ партхэр, абыхэм я щІыналъэ къудамэхэр

| № | Зэгухьэныгъэм зэреджэр |
|---|---|
| 1 | «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ парт |
| 2 | «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ парт |
| 3 | Урысейм и либерал-демократ парт - ЛДПР политикэ парт |
| 4 | «Урысейм и патриотхэр» политикэ парт |
| 5 | «Захуагъэ зыхэлъ Іуэху» урысейпсо политикэ парт |
| 6 | «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ парт |
| 7 | «ЯБЛОКО» урысей демократие парт зэгуэт» политикэ парт |
| 8 | «Урысейм и Республикэ парт - ЦІыхубэ щхьэхуитыныгъэм и парт» политикэ парт |
| 9 | «Урысейм и Демократие парт» политикэ парт |
| 10 | «Урысейм и цІыхубзхэм папщІэ» цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 11 | «ЩхьэантІагъэм и телъхьэхэмрэ социал-демократхэмрэ я зэгухьэныгъэ» цІыхубэ политикэ парт |
| 12 | «Урысейм и пенсионерхэм я парт» урысейпсо политикэ парт |
| 13 | «Урысейм и къалэхэр» политикэ парт |
| 14 | «Урысей ныбжьыщІэ» политикэ парт |
| 15 | «Иджырей Урысей» урысейпсо политикэ парт |
| 16 | «ЩхьэантІагъэм и телъхьэхэр» урысей экологие парт» политикэ парт |
| 17 | «Коммунист парт - Урысейм и коммунистхэр» политикэ парт |
| 18 | «Урысейм и цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 19 | «Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 20 | «Захуагъэм и телъхьэ парт» урысейпсо политикэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 21 | «ЦІыху щхьэхуитхэм я парт» урысейпсо политикэ парт |
| 22 | «Граждан гупсысэкІэ» политикэ парт |
| 23 | «Къалэдэсхэм я союз» политикэ парт |
| 24 | «Социальнэ захуагъэм и телъхьэ коммунист парт» политикэ парт |
| 25 | «Урысейм и социал-демократие парт» урысейпсо политикэ парт |
| 26 | Социальнэ къыщхьэщыжыныгъэм и политикэ парт |
| 27 | «Урысей губзыгъэ» политикэ парт |
| 28 | «Граждан къару» урысейпсо политикэ парт |
| 29 | «Урысей цІыхубэ союз» политикэ парт |
| 30 | «Захуагъэм и телъхьэ пенсионерхэм я Урысей парт» политикэ парт |
| 31 | «Граждан платформэ» политикэ парт |
| 32 | Мамырыгъэмрэ Зэкъуэтыныгъэмрэ я урысейпсо политикэ парт |
| 33 | «Монархие парт» политикэ парт |
| 34 | «ЧЕСТНО»/ЦІыхур. Захуагъэр. Жэуапльныгъэр/ урысейпсо политикэ парт |
| 35 | «Урысейм и лэжьакІуэ парт» политикэ парт |
| 36 | «Хэку» урысейпсо политикэ парт |
| 37 | «Урысей Федерацэм и къэзакъэм я парт» политикэ парт |
| 38 | «Іуэху зезыхьэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 39 | «Демократием и телъхьэхэр» политикэ парт |
| 40 | «ЦІыхубэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо политикэ парт |
| 41 | «Урысейм и ветеранхэм я парт» политикэ парт |
| 42 | «Урысейр псэкупсэ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ парт» политикэ парт |
| 43 | «Урысейм лъэпкъ шынагъуэншагъэ иІэныкІэ парт» политикэ парт |
| 44 | «ВОЛЯ» урысейпсо политикэ парт |
| 45 | «Зыми и телъхьэу щымытхэр» политикэ парт |
| 46 | «ЦІыхубэ унафэр зегъэкІуэныкІэ Урысей парт» политикэ парт |
| 47 | «Урысей социалистическэ парт» политикэ парт |
| 48 | «ЛэжьыгъэмкІэ союз» урысейпсо политикэ парт |
| 49 | «Жыгг1ъэкІэхэм я урысей парт» урысейпсо политикэ парт |
| 50 | «Урысейм налог щызытхэм я парт» политикэ парт |
| 51 | «ЦІыхубзхэм я зэпсэлъэныгъэ» урысейпсо политикэ парт |
| 52 | «Совет Социалистическэ Республикэхэм я Союзым къыщалъхуахэр» политикэ парт |
| 53 | «Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо политикэ парт |
| 54 | «Социальнэ зэкъуэтыныгъэм и парт» политикэ парт |
| 55 | «Урысейм лэжьыгъэмкІэ и фронт зэкъуэт» политикэ парт |
| 56 | «Граждан жэрдэм» урысейпсо политикэ парт |
| 57 | «Къуажэр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ парт» урысейпсо политикэ парт |
| 58 | «Хэку иным и парт» урысейпсо политикэ парт |
| 59 | «Урысейм и зыужьныныгъэ» урысейпсо политикэ парт |
| 60 | «Урысейр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ парт» политикэ парт |
| 61 | «Урысейм и аграрно-промышленнэ парт зэгуэт» политикэ парт |
| 62 | «Демократие хабзэм тет Урысей» политикэ парт |
| 63 | «Лъэпкым и гъэзу» политикэ парт |
| 64 | «Автомобилхэм я Урысей» урысейпсо политикэ парт |
| 65 | «Достоинство» Урысейпсо политикэ парт» политикэ парт |
| 66 | «ЦІыхубэр коррупцэм и бийщ» урысейпсо политикэ парт |
| 67 | «Фіыуэ тлъагъу парт» политикэ парт |
| 68 | «Бизнесымрэ хьэрычэт Іэзхумрэ къащхьэщыж парт» политикэ парт |
| 69 | «Къару узынышхэр» Урысей спорт парт» политикэ парт |
| 70 | «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 71 | «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ |
| 72 | Урысейм и либерал-демократие парт - ЛДПР политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 73 | «Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 74 | «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 75 | «Урысейм и Республикэ парт» политикэ партым и щыналъэ къудамэзу КъБР-м щыІэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэ |
| 76 | «Захуагъэ зыхэлъ Іуэху» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 77 | «ЯБЛОКО» Урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ |
| 78 | «ЩхьэантІагъэм и телъхьэхэмрэ социал-демократхэмрэ я зэгухьэныгъэ» цІыхубэ политикэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 79 | «Урысейм и демократ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 80 | «Захуагъэм и телъхьэ парт» урысейпсо политикэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 81 | Социальнэ къыщхьэщыжыныгъэм и политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 82 | «Коммунист парт - Урысейм и коммунистхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ |
| 83 | «Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 84 | «Социальнэ захуагъэм и телъхьэ коммунист парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и къудамэ |
| 85 | «Урысейм и социал-демократие парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэ Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 86 | «Урысейм и цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 87 | «Къалдэсхэм я союз» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 88 | «Иджырей Урысей» Урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 89 | «ЩхьэантІагъэм и телъхьэхэр» Урысей экологие парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 90 | Мамырыгъэмрэ Зэкъуэтыныгъэмрэ я урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 91 | «Урысей ныбжьыщІэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 92 | «Граждан къару» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 93 | «Урысей цІыхубэ союз» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 94 | «Хэку» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 95 | «Совет Социалистическэ Республикэхэм я Союзым къыщалъхуахэр» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 96 | «Урысей Федерацэм и къэзакъэм я парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 97 | «Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 98 | «Урысейм лъэпкъ шынагъуэншагъэ иІэныкІэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 99 | «Урысейр псэкІэ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 100 | «ЛэжьыгъэмкІэ союз» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 101 | «ЦІыхубзхэм я зэпсэлъэныгъэ» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 102 | «Урысей социалистическэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 103 | «Къуажэр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 104 | «ЦІыхубэр коррупцэм и бийщ» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 105 | «Хэку иным и парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 106 | «Демократ хабзэм тет Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 107 | «Лъэпкым и гъэзу» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 108 | «Урысейм и аграрно-промышленнэ парт зэгуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 109 | «Урысейм и лэжьакІуэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 110 | «Граждан гупсысэкІэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |
| 111 | «ЦІыхубэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ |

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

**Зеикъуэ щыщ мэкъумэшыщІэхэм „Долинск" санаторэм зыщагъэпсэху.**
*Сурэтыр* **Колесников Иван** *трихащ. 1962 гъэ*

● КъэхъукъащІэхэр

## Апхуэдэ щыІауэ ящІэжьыркъым

**Уэлбанэшхуэм и зэраныгъэ ин зэкІахэм ящыщщ Къубэ-Тэбэ жылагъуэр. Псом хуэмыдэу уэшхуэ щехащ къуажапщэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм.**

ЛЕЙ къызытехьа Журтхэ, Куэзмыщхэ, Понэжхэ, Лухэ къызэрагъуэтэжымкІэ, апхуэдэ уэлбанэ шынагъуэ я ныбжьым къриубыдэу ялъэгъуауэ къахуэщІэжыркъым. Унэм къыщІэуа псым сыхьэтым щІигъукІэ хэтын хуей хъуащ, къапщтэмэ, Журтхэ я унагъуэр, дагъуэ зиІэ я нысэри хэту. Зэрыгурыгъуэгъуэщи, унагъуэр зыхэпсэукІын хьэпшыпи къахуэнакъым. Куэзмыщхэ я щхьэгъубжэмкІэ къыдэкІыну Іэмал ямыгъэтыжу, ерагъкІэ бжэмкІэ къыщІэкІыфрауэ араща, ари унэм ис псори быдзу зэрыІыгъыу. ИжькъкІэ ахэр гъэгу Іуфэм хуэзэу къыщыт Іуащхьэм дэкІуейри, псэууэ къыззтенащ. Къуажэм дэсщ гъущыбжэ зыхэлъ тыкуэн, машинэ псынщІэ, Іэщ, джэдкъаз нэгъунэ зыфІихьахэр.

Лу ФатІимэ зэрыжиІэжымкІэ, илъэс 57-рэ хъуауэ къуажэм щопсэури, апхуэдэ гузэвэгъуэ цІыхум уэлбанэм къахуихьауэ ящІэжыркъым. Апхуэдизи уэрагъ зиІэу къуажэм къыщІэуа псыр къыздикІар губгъуэмкІэщ.

Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, лей зытехьа унагъуэхэр къуажэ школым и пэщ щхьэхуэхэм пІалъэкІэ щаІыгъыну щІагъэтІысхьащ, махуэм 3 ягъашхэ.

«Губгъуэм и хъуреягъкІэ екІуэкІ кІэнауэр апхуэдиз псым тещІыхьатэкъым. Абы къыщхьэдэуэха псор федеральнэ трассэм тету унэхэм ящІэуащ, - жеІэ унафэщІым.

Иджыпсту мы щІыпІэм спецтехникэу 21-рэ щолажьэ. КІэнауэхэр псынщІэу къэгъэкъэба мыхъумэ, къыкІэлыкІуэ уэшх къешхыгъуэми апхуэдэ Іэужь иІэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Мы жылагъуэмкІэ дэж Къулъкъужьн псыр метр 12-кІэ къыдэкІуеяуэ щытащ.

## Уэлбанэм и Іэужьхэр ягъэзэкІуэж

**Иужьрей зэманым ди щІыпІэм щыІа уэлбанэм и Іэужьыр зылъэІэсахэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ районри.**

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ар куэд-мащІэми ильэІэсащ Тырныауз къалэми, жылагъуэ щхьэхуэхэми: щІыпІэ-щІыпІэкІэ газ, псы зрикІуэ бжьамийхэр зэхикъутащ. Къапщтэмэ, Былым къуажэм и ГъавэщІапІэм екІуалІэ кІэнауэхэм сэкъатышхуэхэр ягъуэтащ. Ауэ жылагъуэдэсхэм псом нэхъ зыхащІащ Іэщ къупІэхэр Іисрафу зэриль эсар.

Мы зэманым ирихьэлІэу цІыхухэр псы зэфэнумкІэ къыззрагъэпэщыжащ, гъуэгу зэхэкъутахэр хуэмурэ зэрагъэпэщыж. Уэлбанэм и зэран зэкІа унагъуэхэр ягъэбелджылы. Абыхэм ираТын уэрыд дэІапкъуныгъэм ехьэлІа тхыгъэхэр ягъэхьэзыр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Абы дегъэпІейтей

# ЩІыхуэ зытелъхэм къахохъуэ

**Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ республикэм и дин Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр зыхэта пресс-конференц. Ар теухуауэ щытащ щІыхуэ зытелъхэм, псом хуэмыдэу алимент зымытхэм ехьэлІа гугъуехьхэм.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ щІыхуэ егъэшпыныжынырыкъыззгъэпэщыныжмкІэ и къудамэм и унафэщІ Хьэгъэс Адэлбий къызэрыхигъэщамкІэ, ягъэзэщІэн хуей Іуэху 4316-рэ управленэм щыІэщи, абыхэм ящыщу 703-р дызэрыт ильэсым къаІэтэхэрщ. ЩІыхуэ зытелъхэм яхэтщ щІыхубзхэри.

Хьэгъэсым зэрыжиІащи, сабийм и къэкІуэнум егупсысу, къызыхахьи мылъку яІэми, алиментхэр зымытхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Мазэм соми 100 - 200 фІэкІа я быным хуэзымыххэри щыІэщ. ЩІыхуэ зытелъхэм нэхъ уаэрыпэувыф Іэмалыр Урысей Федерацэм икІыну хуит мыщІынырщ, мазихым щыщІэдзауэ ильэситІым нэс тезыр ятелъхьэныр къэзыгъэув уголовнэ Іуэхуэхэр къэІэтынырщ. Мы зэманым ирихьэлІэу суд приставхэм апхуэдэ Іуэхуи 154-рэ къэІэтащ.

- ЩІыхуэр зымыпшынхэм ехьэлІауэ хабзэм къытІасэ Іэмал псори къыдогъэсэбэп. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм щІидзащ, дэтхэнэри жэуапныныгъэ хэлъу мы Іуэхум бгъэдыхьэну къыхуэдощ, - жиІащ Хьэгъэсым.

Апхуэдэуи ар къытеувыІащ унагъуэр гъэбыдэным, зэбгъэдэкІыжхэр гъэмэщІэн и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ дин Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэм зэрадэлажьэр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Лъэныкъуэ псомкІи

**«Іуащхьэмахуэ» эксперт клубым и зэІущІэ зэхэтащ. Абы и унафэщІ Пащты Борис зэрытепсэлъыхьамкІэ, клубым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэр жылагъуэ хабзэхэм хэгъэгъуэзэным, властымрэ бэмрэ зэпыщІэн къалэным и мызакъуэу, цІыхум дзыхь зыхуегъэщІыным.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэр тепсэлъыхьащ ди жылагъуэ гъащІэм псэуныгъэм, нобэ ди цІыхубэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм, граждан хуитныгъэм, нэгъуэщІхэми. Абыхэм къыпакІухьакъым къэрал кІуэцІ щІыб жылагъуэ Іуэху щытыкІэхэми.

Клубым и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкІи ехьэлІауэ щытынущ мамырыгъэ гъащІэм, зэгурыІуэныгъэм.

Зэпсэлъэныгъэхэм япкъ иткІэ, къызэгъэпэщакІуэхэм кърагъэза упщІэхэми жэуап иратыжащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● Гъуэгу къэжьапІэ

# Гъэмахуэмрэ ІэщІагъэмрэ

**ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щеджэ студентхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къоблагъэ. Иджыпсту щыщІэдзауэ абыхэм ящыщ куэдым къалъыхъуэ ахъшэ къыщалэжьыфын лэжьыгъэхэр.**

АБЫ ТЕУХУАУЭ Бэрбэч Хьэтютіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм яІущІащ, КъБР-м ЦІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыныжмкІэ и къэрал Комитетым, а щалэн дыдэр зыгъэзащІэ Налшык къалэ центрым, щалэгъуалэм ядэІэпыкъуну пщэрыль зыщызыщІа фонд щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лэжьыгъэ Іэнатіэ къэзылъыхьуэ студент щІалэгъуалэр нобэ зыІуу ульэпщхьэпохэм. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ язныкъуэ унафэщІхэр а Іуэхум жэуаплныгъэ хэлъу зэрыбгъэдэмыхьэр, рынок зэхущытыкІэхэм я лъэхъэнэм езы студентхэри лэжьыгъэ зыпэрыувэм хэзагъэу щытын зэрыхуейр, нэгъуэщІхэри. ЗэІущІэм ипкъ иткІэ, къагъэлъэгъуа Іуэху еплъыкІэ щхьэхуэхэм ящыщщ лэжьыгъэ хуей студентхэм практикэ конференцхэр ядегъэкІуэкІынырщ. Апхуэдэ зэдзэлэжьныгъэм ІэщІыфІ зэрИэнум къызэгъэпэщакІуэхэм щэч хэмытра хьэрэкъым икІи абы и фІыгъэкІэ еджакІуэхэр ІэщІагъэ куэдым хэгъуэза хъунущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# ЩІэпхъаджащІэхэр яІэщІэкІакъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ бандэ гупхэмрэ абыхэм ядэІэпыкъуэкъэмрэ къэгъуэтыным елэжь гупым «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум и Іыхьэу Бахъсэн къалэмрэ Исльэмей къуажэмрэ я зэхуакум хуэзэм мэкъуауэгъуэм и 9-м пщыхьэщхьэр сыхьэт 22-м деж къащагъэувыІэну хуежьащ щІэпхъаджащІэхэр ису зыхуагъэфащэ «ВАЗ-2114» автомашинэр. Ауэ абы исхэм зыкъыхэкІуахри, Урысейм и ФСБ-м и лэжьакІуэхэм ІэщІэкІэ къахэуэу щІадзащ. Абдеж щрагъэжьа зэхэуэм автомашинэм исахэр щаукІащ, абыи къыщымынэу, машинэм илъа лагъымыр къэуащ.

ЗэрызэхагъэхІамкІэ, яукІахэм ящыщ Шыгъэлыгъуэ Іэдэм, бандэ гупым я унафэщІыр, дуней псом къыщалъхьуэрт. Абы щІыгъуащ къэралым къыщалъхьуэ Бэлагъы Мухьэмэд, апхуэдэу Хьэндэхъу Аскэрбийрэ Багъ Мухьэмэдрэ. Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и оперативнэ штабым къызэритамкІэ, яукІа щІэпхъаджащІэхэр яхэтащ хабзэхъуэ органхэм я лэжьакІуэхэм ятеуахэм, къызэрыгуэкІ цІыху зыбжанэ зыукІахэм, хьэрычэтыщІэхэм ахъшэшхуэ къатезыхыну щытахэм.

Зэхэуэр щекІуэкІа щІыпІэр щыщащІыгъэм автомату тІу, кІэрахъуэу тІу, гранатэ Іэрыдз, шэ куэд къыщагъэуатащ. КъызэрыгуэкІ цІыхухэм е хабзэхъуэм органхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу зыми фэбжь ягъуэтакъым.

***Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и хъыбарегъащІэ центр.***

# Сакъыныгъэм къыхуреджэ

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм щыпсэухэр, хьэщІэхэр къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, сакъыну.

Махуэшхуэ зыгъэпсэхугъуэхэм цІыху куэд зэхуэсыпІэхэм, ахэр куэду къызрихьэлІэ Іуэхугъуэхэр щекІуэкІкІэ нэхъри сакъын хуейщ.

Шэч уэзыгъэщІ кІэлъыпІыныгъэншэ хьэпшыпхэм фрихьэлІэмэ, абыхэм фемыІусэ, я ГъунэгъуУ жып телефонэр къэвмыгъэсэбэп.

Ялэжьыну теракт эм, ІцІыхухэм къагъауэ Іэмэпсымэ, Іэщэ, нэгъуэщІу къемызэгъ хьэпшыпхэр зэрАІыгъым теуху хъыбар фщІэмэ, зэгъэтІылъэкІ имыІэу хабзэхъуэм органхэм яІэрывгъэхьэ.

Фэ къывбгъэдэкІ дэтхэнэ зы хъыбарри зэпхърыхауэ къапщытэнущ, хабзэмрэ цІыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуэунэтІа Іэмал псори къагъэсэбэпынущ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр шэсыпІэ йохьэ шэч уэзыгъэщІ хъыбархэр къызыбгъэдэкІхэр хэтми ябзыщІыну, къищынэмыщІауэ, ялэжьыну ягъэхьэзыр щІэпхъаджагъэхэр къызэпыудыныимкІэ сэбэп хъуа, абыкІэ куэдым я гъащІэр къезыгъэла сакъыныгъэ зыхэлъ цІыхухэм фІыщІэ яхуещІ.

Фыздзэпсэлъэну «линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыІэ МВД-м и Оперативнэ штабым - 48-15-48;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыІэ МВД-м и плъыр частым - 40-49-10; 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- УФ-м и Следственнэ комитету КъБР-м щыІэм и Следственнэ управленэм - 77-64-22 ( дзыхь зрагъэз телефон);
- УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.***

# Шыуэпсым и макъ

# ТкIуаткIуэ телъыджэ

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIахэр.

**Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ унэм накъыгъэм и 31-м щекIуэкIащ «Псыр псэхэльхьэщ» эыбIаща, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуа экологие дерс.**

ПШЫХЬ-ЗЭПЕУЭ щIыкIэм тету къэзэрагъэпэщэ зэхыхьэм хэтащ, КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыкIэхэм экологиемкIэ и министр Газаев Мухьтар, а министерствэм и къудамэм и унафэщI Тхьэмокъуэ Iэсият, Сабий творчествэмкIэ унэм натуралистхэмрэ мэкъумэш хозяйствэм хэлэжьыхьэмрэ и къудамэм и гъэсакIуэхэр, абыхэм я гъэсэнхэр, Налшык дэт 20-нэ, 27-нэ курыт еджапIэхэм щеджэ щIыкIуэр, адэ-анэхэр.

Зохуэ нэжэгужэр къызэIуихащ икIи ирипсэкIуэкIащ Сабий творчествэмкIэ унэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Тарасовэ Ольгэ.

- Нобэрей дэ зэхыхьэр ящыщщ мы мазэхэм ди къэралым щекIуэкI «Псы кабзэ зырижэм-Iуфэ кабзи хуэфащэщ» Iуэхугъуэ зыубгъуам, - жиIащ абы. - ЩIынальэ куэд кьызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэр тегъэщIащ ткIуаткIуэ телъыджэр здежэх къуэхэм я Iуфэхэр гъэкъебзэнным, абыхэм я дежи къыщIэрагъэпэщащ зыгъэпсэхупIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, щыIуэпсым хуэсакъын зэрыхуейм теухуауэ щIыхэм я зэхэщIыкIым зегъэубгъуным. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къуващ кIалащхьэм бгъурыж Налшыкыпсым и Iуитlыр республикэм и экологие щIалэгъуалэ организацэхэм хэт щIыхуи 150-м щигъум мы махуэм зэрагъэкъабзэр.

ГуфIэгъуэ мыуохьжыр зи нэгум къищ ныбжьыщIэ щIыкIуэр фащэ зэхуэмыдэ захуигъэзащ сабийхэм Газаев Мухьтар. - Фэращ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъын Iуэхур дяпэкIэ кьызылъысынур. Нобэ екIуэкI псалъэмакъым хуэгъэзэуэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт, Кавказ Ищхъэрэм и псы гъэтIылъыгъэхэм и Iыхьэ пIанэр ди республикэм зэрыщыIэр икIи ар дызыщыгуфIыкI хьуну Iэхуигъэфlхэм зэращыщыр. Ауэ, къэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, дызытепсэкI Щы хьурейр зэрыщыту кьапщтэмэ, псы кьабзэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ щохьу. Апхуэдэ щытыкIэ ди планетэм зэрыщыIэм щыхуэхэр иримыгъэзвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Псым, зэрыщыту кьапщтэмэ щIыуэпсым, щыхьын, пщIэ хуэщIын зэрыхуейм теухуа усэхэм еджакIуэхэр кьеджащ, я макъ жьгъыру дахэ щыкIуэмкIэ уэрэд жаIащ, спектакIль кIащ щыкIуэр кьагъэлъэгъуащ, щыхум и псэукIэм зэщыригъэужькIэ щIыуэпсым ирищIылIэ зэщымыщхъуныгъэхэр зыхуэдэр Iэзагъэ и нэ хэлъу кьызыхэщыжьи я Iэдакъэщ IэкI сурэтхэри утыку кьрахьащ.

Щыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министерствэм и Iэщ Iагъэлъ нэхъыжь Бобковэ Валентинэ «Псыр-псэ хэлъхьэжщ» дерсым кьызэхуэсахэр щIигъэдэуащ.

Пшахьым и кIэухым, Газаев Мухьтар сабий гупхэр зэхыхьэм кьезыщэлIа гъэсакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ икIи абыхэм ящыщу нэхъ кьыхэжаныкIаэм езыр зи Iэтащхьэ министерствэм кьыбгъэдэкIыу щIыхь тхыльхэр яритащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ХЬЭТЫКIЪУЭ Щауапщэ**
*ейщ.*

Пшахьым кьекIуэлIа ныбжьыщIэхэр.

# Шэдхъурей зэхэшэ

**Иджыри щIыпIапIэхэр уэру зэдэмыкIуэ Дзэлыкъуэ куейм, накъыгъэм и 24-м, «этно-блог-тур» зыфIащащ шу зекIуэ къыщыдзэрагъэпэщащ. Абы хэтахэм къыпIыхьащ «Санниковым и щIынадгъэ» фильм гъуэгуанэр 1971 гъэм щытрахауэ щита Шэдхъурей (Шэтхъурей) хыжьейхэм (гуэлхэм) я Iэгъуэблагъэр.**

ЗЕКIУЭР зэхашащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент советымрэ щIыуэпсым и тепльэгъуэ гъэщIэгъуэныщэу кьигъэщIа псы хъурейхэр зыпэгъунэгъу Къарэхъэлэбл (Каменномост) къуажэм и администрацэмрэ. Гъуэгу техьахэм ядэщIигъащ Мысырджэн МуIэед зи унафэщI «Додо Клаб» сабий жылагъуэ экологие зэгухьэныгъэм хэтхэр.

Дзэлыкъуэ куейм щIыпIапIэ япэу кIуа блогерхэм ялъэгъуахэр гукIинэж зэращыхъунум зэч кьызэрытрамыхьэр кьыхагъэщащ. Пэж дыдэуи, зэ нэхъ мыхъуми Шэдхъурейм и Iэгъуэблагъэм кьихута щIыхум, дахагъэу и нэгу кьыщIэувэм хуигъадэ нэгъуэщI щIыпIэхэм щимыльэгъуауэ кьыщохьу. АпхуэдизкIэ дахащэщ, нэри пэри дэзыхьэхщи, псыеэм кьыхэкIа фIэкIа умыщIэну, зи щхьэфэр удыхфэ-кьащхьэуэ зэщIэпщIыпщIэ хыжьей гъуэзэджкэр, ихъуреягъкIэ кьыщыт ЕкIэпщIэкъуэ бгы екIуэкIхэм я зэхуаку дзт губгъуэшхуэхэм щIыхуIэ здынэмысауэ щыуфафэ къэкIыгъэ зэмыфэгъу-зэмыIэужьыгъуэбэр, абыхэм я пщэкIэ аддэ жьыжьэу къэлъагъуэ гъуэгуанэм уардэу кьащхьэщыхужьыкI Iуащхьэмахуэ бгыжь дыкъуакъуэр мы щIыпIэм уи Iэгум иIыым хуэдэу зэрыщыпльагъур, нэгъуэщIхэр.

Шэдхъурей хыжьейхэр я къежьэкIэ-зэхэльыкIэкIэ нобэр кьызэдэсым щIэныгъэлIхэм зэраджа щIагъуэ щIэкъым. Ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм я куугъыр метр 300-м ноблагъэ, уеблэмэ, щIэ имыIэу зыгъэхьыбар-хэри щыIэщ. Псы хъурейхэм, иужьрей зэманым хаутIыпщхьауэ, бдзэжьей лIэужьыгъуи 4 щобагъуэ.

Хыжьей телъыджэхэм кьащхьэщыт ЕкIэпщIэкъуэ бгы екIуэкIым хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьа нэужь, зекIуэм и зэхэуублакIуэхэм абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ адыгэхэм ди хабзэ-бзыпхъэ, ди пшыналъэ-къэфэкIэ хуэздэхэр къызыхуэщ тепльэгъуэхэмрэ шы тесыкIэм хуезыгъаэр джэгугъуэхэмрэ.

ЗекIуэм и зэхэшакIуэхэм ящыщ зы, КъБКъУ-м и студент советым и тхьэмадэ Лу Азэмэт зэрыжиIэмкIэ, мыбы хуэдэ гъуэгуанэм щIыпIапIэхэм, иджыри кьызэдэсым ахэр дахэ-дахэу зыщымыгъуазэу щыта нэгузегъэужьыпIэхэр ирагъэщIыху. АпхуэдизкIэм ящыщ зыуэ кьэлъытащ Шэдхъурей хыжьейхэри.

КьыщынэмыщIауэ, мы махуэхэм екIуэкIа «этно-блог-тур» зекIуэр, «Удыльлъэ щIынальэ» къэралпсо экологотурист проектыр ди республикэм щагъэзэщIэным хуэгъэза япэрей лъэбакъуэщ. Ар хуолажьэ щалъхуа щIыналъэм и щIыуэпсым и щытыкIэр къызыфIэIуэху, абы и дахагъэ-бзаджэр зыхуэмэным хуэмыхамэ щIалэгъуалэ гупхэр зэщIэгъэуIуэным.

**БЭРАУ Бышэ.**

Зэхэщэр зыгъэдэхахэр.

**Псоми къалъытэ Кавказ зауэр 1864 гъэм и накъыгъэ мазэм и 21-м ихуауэ. Ауэ дафэрэхэм кьызэрызэщыжьымкIэ, щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа адыгэхэм яхэтащ заман кIыхьым кьриубыдэу я щIыгу кьихьыхьэм енькъэкъуэ, уеблэмэ, я унагъуэхэр я гъусэу XIX дзэщIыгъуэм и кIэхэм нэсыху, Урысей къэралыгъуэм хэту зэи зыкъэзымылъыта жылагъуэ. Зи гугъу тщIыр хьэкIуфхэрщ (кIахэ адыгэхэм «хьэкIуцу», урысхэм «хакучи» хужаIэ), Аэрэ шапсыгъхэм халъытэ, тэкIу зэхьэзэкIа хуэдэу кьыщыхьумэ, зэрыпсалъэу щытари а бзэращ.**

1864 ГЪЭМ Кавказ зауэр иуахуэ ягъэIуами, урысыдзэр иджыри 1865 илъэсым и гъатхэ, бжьыхьэ лъэхъэнэхэмэ, абы кьыкIэ-ящыщу, Шапсыгъ хьэлъэгъуэмэ, Псы-фIыпс (Псезуапсе) и псыхъэщхьэхэм, ХьэкIувыпс (ХьэкIуцыпс, Хакучипсе), Хьэджыкъуэ (Ходжоко, Хаджико), Тэчей (Татай), Кхъуэпс (Копсе), Ныбэплъ (Энебепле) псы бгъунжкъм кьагъэщI. АпхуэдизкIэ дыкъэзгъэуейхэмрэ абыхэм я щхьэжкIэ щыIэ щIыпIэ дэгу пхьпльызыгъуейхэмрэ зэпэщIэувэныгъэ гуащIэхэр щекIуэкIащ.

Адыгэ-абазэ-убых лъэпкъ зэрыфбыным зэрыщытту лъапсэрыхьыр кьащихуэкIуэм, альэндарэр лъэныкъуэ егъэзауэ, хэгъуэгу щхьэхуэу псэуа хьэкIувхэри гъуэвгъуэшхуэ хэхуащ икIи абыхэм ящыщ куэд зэрыса щIыналъэм ирахури, Тыркум ирашащ. Ауэ нэхъ ерыщ дыдэхэм, «хэщIапIэу» зыщагъэбидар зэрыщIэпщытыкIыгъуейм кьыхэкIкIэ, яхуэзэфIэкIащ пащтыхьыдзэхэм зрамыгъэхьу, фIыщIэу яльагъу я хэкум фащфIинэжьи. Тыркум и мызакъуэу, абыхэм ядакъым урысхэм кьыхуагъэльагъуэ Псыжь, Лабэ Iуфэхэм зыIуэзыуфэгъуа губгъуэжьхэми итIысхьэн.

Апхуэдэу щыхъум, зэрыпхъухькIуэхэм я дзэ зэхэщэхэм, нэгъуэщI зыри кьахуэумынэжу кьалъытэри, кьытрагъэзэжурэ хэкупсэ жьIэмыдаIуэхэм теуэ щхьэхуэхэр иращIылIащ. Пащтыхьыдзэм кьигъэсебэпар Iэмалыжьу зэсагъэжьхъэрщ: кьуажэжэр игъэсхэжьныр, гъавэ хьэсхэр зэхэуэтэныр, ерыскъы гъэIыпыгъэхэр зэтегъэсхьэныр, нэгъуэщIхэри.

1864 гъэм, щыщхьэуIум и 18-м, кьытезыгъэзэж теуэхэм я зэхэуублакIуэ генерал-майор Гейман Кубань областым щIэ пащтыхьыдзэхэм я Iэтащхьэм мыпхуэдэу хуитхауэ щытащ: «ХьэкIувхэр зэи лъэпкъ щхьэхуэу щытакъым. Абазэхэхэм, шапсыгъхэм кьыщынэмыщIа, абыхэм куэду яхэтщ бгыхэм я щхьэ ихьыхьэжа ди къэзакъэмрэ сэлэтхэмрэ. Лъэпкъ зэщымыщу зэхэухуэна хьэкIувхэм зыщагъэбыдащ ПсыфIыпс хэльадэ псы къуэпсэхэр къызыдыщежьэ жьанэхэм, абыхэм я лъабжьэкIэ мэзылъэ джабэщI задэхэр зэпхъызыгъэмбыкI къуэнфхэм, къуацэ-чыцэхэм кьахэмыщ бгъуэнщIагъ дэгухэм, нэгъуэщIхэми».

А лъэхъэнэм, щхьэхуитныгъэр фIыщIэу зыльагъу бгырыс хъыжьхэхэм, «яхуэзфIэкIащ» зыми пымыщIа, я щхьэ хущытыжь гъащIэ щхьэхуэ кьурш дурэшхэм кьыщыщэрагъэпэщыж. ДыззрепльымкIэ, ар хуэбгъадэ хьунущ «цIыху цIыкIур» здынэмыплъыс бгы кьуэгъэнапIэхэм кьуршыбгъэм абгъуэ щхьэхуэ зэрыщиухуэм.

Кьыпагъэхуэрэ бгым ирахухьу, Тыркум ирапша я лъахэгъуэхэм я пIэкIэ, куэд дыди дэмыкIыу, хьэкIувхэм кьахьихьащ, щалъхуа щIыналъэм икIыну хуэмеиуэ, адрей адыгэ-абазэ-убых лъэпкъхэм кьахэкIа хэкупсэхэр.

Япэщ IыкIэ, бысымхэр хьэщIэхэм тIэкIуи хуэщтэIэщтабзэрэ дзыхь хуамыщIу яIущIами, Iэмалыншагъэм зэришэлIахэр, пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу, зы Iэмыщ IэIэрамэу зэрыубыдыжащ. КъэкIуэсахэм ящыщу, иныкъэуэ ХьэкIувхэм яхэзэрыхьыжащ, мыдрейхэр я щIыпIэм кьетэуэщIылIа Ашэ, Шахэ и псыхъуащхьэхэм щIэпрыхьэт кьуэнэф-кьуэдэгухэм дэтIысхьащ.

ИкIи апхуэдэ щIыкIэм тету зэхэджа хьуа хэкупсэхэм, Кавказыр Ищхъэрэрэ Ипщэу зыгуэш кьурш тхьщIэхьым кьыщетъжьауэ, хы фIыщIэм хуэплъэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ кьуэладжэхэм жылагъуэ щхьэхуит кьыщызэрагъэпэщащ. Абы и курыхыр зыхуэзэр ХьэкIувыпс ПсыфIыпс щыхэхуэжым мэжэщIалIагъэм иIыкIыну. Ауэ кьызэрыщIидзар нэгъуэщIущ... Абыи нэгъуэщIхэми щытетхьхьыжащ Васильев Евгений «ХьэкIувхэм я щIыналъэм иращIэкIа зекIуэ-теуэр» («Экспедиция в землю Хакучей») зыфIища и тхыгъэм. Ар 1872 гъэм кьыдэкIа «Военный сборник» журналым кьытехуауэ щытащ. Абы кьыщыхьа Iуэхугъуэхэми иужькIэ дытепсэлъэхьыху тфIэигъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Хэкум къафIинахэр

• Тхыдэ

Кавказым партизан зауэ щокIуэкI. *Сурэтыр* Спенсер Эдмунд *ищIащ. 1849 гъэ*

Кьытезыгъэзэж теуэхэм я зэхэублакIуэ генерал-майор Гейман Кубань областым щIэ пащтыхьыдзэхэм я Iэтащхьэм мыпхуэдэу хуитхауэ щытащ: «ХьэкIувхэр зэи лъэпкъ щхьэхуэу щытакъым. Абазэхэхэм, шапсыгъхэм кьыщынэмыщIа, абыхэм куэду яхэтщ бгыхэм я щхьэ ихьыхьэжа ди къэзакъэмрэ сэлэтхэмрэ. Лъэпкъ зэщымыщу зэхэухуэна хьэкIувхэм зыщагъэбыдащ ПсыфIыпс хэльадэ псы къуэпсэхэр къызыдыщежьэ жьанэхэм, абыхэм я лъабжьэкIэ мэзылъэ джабэщI задэхэр зэпхъызыгъэмбыкI къуэнфхэм, къуацэ-чыцэхэм кьахэмыщ бгъуэнщIагъ дэгухэм, нэгъуэщIхэми».

А лъэхъэнэм, щхьэхуитныгъэр фIыщIэу зыльагъу бгырыс хъыжьхэхэм, «яхуэзфIэкIащ» зыми пымыщIа, я щхьэ хущытыжь гъащIэ щхьэхуэ кьурш дурэшхэм кьыщыщэрагъэпэщыж. ДыззрепльымкIэ, ар хуэбгъадэ хьунущ «цIыху цIыкIур» здынэмыплъыс бгы кьуэгъэнапIэхэм кьуршыбгъэм абгъуэ щхьэхуэ зэрыщиухуэм.

Кьыпагъэхуэрэ бгым ирахухьу, Тыркум ирапша я лъахэгъуэхэм я пIэкIэ, куэд дыди дэмыкIыу, хьэкIувхэм кьахьихьащ, щалъхуа щIыналъэм икIыну хуэмеиуэ, адрей адыгэ-абазэ-убых лъэпкъхэм кьахэкIа хэкупсэхэр.

Япэщ IыкIэ, бысымхэр хьэщIэхэм тIэкIуи хуэщтэIэщтабзэрэ дзыхь хуамыщIу яIущIами, Iэмалыншагъэм зэришэлIахэр, пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу, зы Iэмыщ IэIэрамэу зэрыубыдыжащ. КъэкIуэсахэм ящыщу, иныкъэуэ ХьэкIувхэм яхэзэрыхьыжащ, мыдрейхэр я щIыпIэм кьетэуэщIылIа Ашэ, Шахэ и псыхъуащхьэхэм щIэпрыхьэт кьуэнэф-кьуэдэгухэм дэтIысхьащ.

ИкIи апхуэдэ щIыкIэм тету зэхэджа хьуа хэкупсэхэм, Кавказыр Ищхъэрэрэ Ипщэу зыгуэш кьурш тхьщIэхьым кьыщетъжьауэ, хы фIыщIэм хуэплъэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ кьуэладжэхэм жылагъуэ щхьэхуит кьыщызэрагъэпэщащ. Абы и курыхыр зыхуэзэр ХьэкIувыпс ПсыфIыпс щыхэхуэжым мэжэщIалIагъэм иIыкIыну. Ауэ кьызэрыщIидзар нэгъуэщIущ... Абыи нэгъуэщIхэми щытетхьхьыжащ Васильев Евгений «ХьэкIувхэм я щIыналъэм иращIэкIа зекIуэ-теуэр» («Экспедиция в землю Хакучей») зыфIища и тхыгъэм. Ар 1872 гъэм кьыдэкIа «Военный сборник» журналым кьытехуауэ щытащ. Абы кьыщыхьа Iуэхугъуэхэми иужькIэ дытепсэлъэхьыху тфIэигъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

• Бзэ зэблагъэхэр

# «ХъупIэ» псалъэр къызэрыкIуэр

Мы псалъэм зэман жыжьэм бзэ зэблагъэхэм я деж кьиклыр зыуэ зэрыщытам гу лыбэтэ:

адыгэ (къэбэрдей, кIахэ) - **хъу, хъупIэ, псыхъуэ**;
убых - **хъуа**.

«Хъу»-р и лъабжьэу адыгэбзэм (кIахэми, къэбэрдеймри) хэт «хъупIэ», «хъун», «хъунифIэ», «хъуныджэ», «хъуныпэ», нэгъуэщIу абы ещхь псалъэхэми къарикI мыхьэнэр Iэщыр щыхъуакIуэ щIыпIэм зэрепхар нэрылъагъущ.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ мыбыхэм яблагъэу дэ кьыштщохьу «псыхъуэ» псалъэри. АбыкIэ гурыщхьуэ дагъэщI убыхыбзэр ильэс куэдкIэ зыджа франджыв щIэныгъэлI щIэрыIуэ Дюмезиль Жорж и тхыгъэхэм ящыщ зым кьыщыIуэтэжхэм. КъэхутакIуэр щыхьэт зэрытехьэмкIэ, а лъэпкъым и бзэм кьыхэнауэ щыта «хъуа» псалъэм, бгы екIуэкIхэм я зэхуаку дэт, Iэщ щагъэхьу «тIуащIэ», «ныджэ» мыхьэнэзэращ кьыщикIыр.

**ЗЕКIУЭЛI Шумахуэ.**

Кавказ КъухьэпIэр зи хэщIапIэ къурш ажэ.

Амур псы Iуфэхэм щыпсэу къаплъэн.

# Биологие зэмылIэужьыгъуагъэм и махуэ

**ЦIыхухэр, псэущхьэхэр, къэкIыгъэхэр зи хэщIапIэ ЩIы хъурейм гулъытэ хуэщIыным теухуауэ ООН-м хигъэунэхукIа махуэр 2001 гъэм кьыщыщIэдзауэ илъэс къэс накъыгъэм и 22-м дуней псом щагъэлъапIэ.**

ДЭТХЭНЭ лъэпкъми ижь-ижьыж лъандэрэ кьыдекIуэкI. IуэрыIуатэми увыIэщIыхуэ щызэIыгъ, усакIуэхэми гупсысакIуэхэми псалъэ дахэ хуэд зыхужаIа, цIыху гъащIэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ щIыуэпсым иужьрей илъэси 100-м кьриубыдэу кьылъыс тхъэмыщкIагъэр кIуэ пэтми хэхъуэ зэпытщ. ЩIэныгъэлIэхм кьызэралъытэмкIэ, биологие лIэужьыгъуэхэр ди планетэм щIэгъэхуэбжьауэ текIуэдыкIыжьыным нэхъыщхьэ дыдэу щхьэусыгъуэ хуэхъуэ, цIыхухэм я псэукIэм зыщрагъэужькIэ, къэзыужьхуреихь дунейр зэрызэхаофаемрэ щыхьэрабгъу лъэпкъ хуамыIэу абы зэрыдекIуэкIымрэщ.

Зи гугъу тщIы махуэр теухуащ цIыхухэм ди зэхэмыщIыкIыныгъэкIэ щIыуэпсым етх лейр зыхуэдизыр кьыдгурыIуэжьыным, щIыгум щызекIуэ псэущхьэ, уэгур зи гъуэгу бзу, гъудэбадзэ хуэдэхэм я зэмылIэужьыгъуэгъым кIэрыдмыгъэхуу, дыкъэзэрыхуреихь дунейм фIы и лъэныкъуэкIэ дыдекIуэкIын папщIэ, лъэныкъэхэр зэхэгъэкIыным.

КъызэгъэщIапхъэщ, цIыхуIэ зыльэмыIэса щIы кIапэхэр ди планетэм кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыщыхьур. Илъэси 100 - 150-рэ хуэдизкIэ уэзIэбэкIыжмэ, экологие къабзагъэ и лъэныкъуэкIэ зэхуэбгъадэ хьуну щыта щIы Iыхьэкэр («экэ-системэкэр»), ЩIы Хъурейр зэрыщыту кьащытэмэ, гъэ лъэныкъуэкIи щызэхуэдэт. Ауэ, цIыхухэр кьызэтемыувыIэжьифу, я Iэужьым зыщрагъэужьым, щытыкIэр щIыуэпсым щекIэкIуащ: ЩIы Хъурейр экосистемэ куэдым «хэкIыжьын» хуей хьуащ, кьызэтенахэми кьахуэна щIы Iыхьэхэм, загъэгуса фIэкIа умыщIэну, кIуатэху кьэ нэхъри зыщэкIэщауплIанщIэ.

Эколог щIэрыIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыуэпсыр зыхуэкIуа щытыкIэм Iэмал гуэр икIэщIыпIэкIэ кьыхуэдмыгупсысмэ, зэман гъунэгъум кьрыгъыбдэу щыхьэт дытехьэнущ, кьэкIыгъэрэ псэущхьэу кьытенахэм ящыщу лIэужьыгъуэ мин 11-м нэблагъэ иджыри дунейм зэрытекIуэдыкIыжьыным. Хэти кьыгурыIуапхъэщ, псэущхьэрэ кьуалэбзууэ, гъудэ-бадзэрэ хьэпщхупщу апхуэдизэ лъэпкъыгъуэ зэуэ ЩIы Хъурейм тебзэхыкIыжьыным дыкъэзыухъуреихь дунейм кьыхуиныкIэ хъуну шынагъуэр зыхуэдизыр.

Дуней, игъащIэ лъандэрэ кьыззрекIуэкIыу, псэущхьэ-кьэкIыгъэхэм ящыщу, мы дунейм лIэужьыгъуэ гуэрхэри токIуэдыкIыж, нэгъуэкIэри кьоунэху. А IуэхугъуитIыр зэрызэкIэлъыкIуапхъэу щымытыжу, щIым кьытехьэу лъэпкъыгъуэхэм нэхърэ тебзэхыкIыжьыр нэхъыбэмэ, кьащIыгъэр зыгъэщIэращIэ гъащIэм лей кьытехьэу аращи, абы шынагъуэ иным дыззрыхуищэм щэн хэлъкъым.

Бынуэ зэмылIэужьыгъуэгъэм йогуауэ экосистемэхэр зэрызэгъуачыр, а щыпIэм кьыщымыхьауэ, лъэныкъуэкIэ кьраш «хэкэсхэр» «хэгъэрей» кьэкIыгъэ, псэущхьэхэм зэрыхауТIыпщхьэр, кьэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм цIыхухэм щысхь лъэпкъ зэрыхуамыIэр, иужьрей зэманым климатым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр кьыззрыщыхьур, дунейм цIыхуу тетым я бжьагъэм уяыIэгъуэ имыIэу зэрыхэхъуэр, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр губзыгъагъэ хэлъу зэрызэрамыгъэзахуэр, нэгъуэщIхэри. Псалъэм папщIэ, ООН-м иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэхэм кьыззрагъэлъэгъуамкIэ, ЩIы хъурейм и экологие системэхэм я процент 60-р акъылымшагъэ дыдэ хэлъущ кьызэрагъэсэбэпыр.

Мэзхэр зэрыраупщIыкIым, абыхэм мафIэхэр кьыззрыщыхьум, алъандэрэ цIыхуIэ зылъэмыIэсауэ щыта щIыпIэхэм ухуэныгъэщIэхэр зэрыщаухуэм щIыгум и теплъэм кьыпхуэмыщIыхьужым хуэдизу зрегъэхъуэж. ИкIи, абдежыр зи хэщIапIэу щыта псэущхьэхэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ, кьэунэхуа щытыкIэр яхуэмыхьажу, абы йолIыкI, йокIуэдыкI.

Псалъэм папщIэ, ухуакIуэхэм гъэгуущIэхэмрэ электростанцэмрэ кьыщагъэунэху щIыпIэхэм ита жыгхэр щрапщIыкIкIэ, абыхэм я пIэкIэ я Iэгъуэблагъэм нэгъуэщI щхьэантIагъэ щыхасэркъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщIи, абы зи щхьэр зэдэзыхьын зымыщIэу утыку кьрана псэущхьэхэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ йокIуэдыкI.

ЦIыкухэр псэунымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дыкъэзыухъуреихь дунейм кьыщхьэщыжьынымкIэ унэтIыныгъэщIэхэр хэгъэунэхукIынур, абы и лъэныкъуэкIэ кьэралхэм зэдрагъэкIуэкIыпхъэ лъэныгъэхэр убзыхуныр, нэгъуэщIхэри.

Щыпсэу Iэгъуэблагъэм хуэсакъын зэрыхуейм цIыхур кьыхуезыджэ Iэмалхэм ящыщу иужьрей зэманым дунейм кьытехьащ «экологие туризм», «мэкъумэш экологие», «псыр хъумэным хуэгъэза экологие щэнхабзэ» унэтIыныгъэщIэхэр, гъэсныпхъэ папщIэу пхъэм нэмыщI нэгъуэщI зэкIыпIэщIэхэм лъыхъэныр, кьынэмысыжьхэр.

ЩIэныгъэлIхэм, цIыхуIэ зыхэмыIэба, и теплъэр зэрыщытэ дыдэм хуэдэу кьызэтрагъэна, «и щхьэ хущытыж» («дикая») щIыуэпсыр хъумэныр щIагъэнэхъапэр, ар зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ езыр-езыру зыкьызэрагъэщIэрэщIэжьын къару кьаззрыхуплъыкIуэкIыщ.

Биологие зэмылIэужьыгъуагъэр ЩIы хъурейм кьыщыщIэтегъэнэн папщIэ, дэнэжкIи къэралпсо политикэ щегъэкIуэкIыпхъэщ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм теухуа щIэныгъэ жьылагъуэм зэрыбгъэдэлъхьэным сыт и лъэныкъуэкIи егупын хуейщ. Апхуэдэуи, политикэмрэ кьулыкъущIэхэмрэ щIыуэпсым щекIуэкI зэхуэхъуныгъэхэм теухуа щIэныгъэ зэрагъэгъуэтыпхъэщ, а лъэныкъуэмкIэ ялъжьын хуейуэ кьапщIыкIэр ахьхуэдэр гурыIуэгъуэ ящыхъун папщIэ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ, ООН-м зыхуигъэувыж кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ, 2015 гъэм щыщIэдзауэ ЩIы хъурейм экологие и лъэныкъуэкIэ щытыкIэ зэпIэзэрыт кьыщызэгъэпэщыныр.

**УАРДЭЩАУЭ Инал.**

**НапэжIуэцIыр зыгъэхъэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

# Шыуэпсым и макъ

# ТкIуаткIуэ телъыджэ


Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIахэр.

**Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ унэм накъыгъэм и 31-м щекIуэкIащ «Псыр псэхэльхьэщ» эыбIаща, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуа экологие дерс.**

ПШЫХЬ-ЗЭПЕУЭ щIыкIэм тету къэзэрагъэпэщащ зэхыхьэм хэтащ, КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Газаев Мухьтар, а министерствэм и къудамэм и унафэщI Тхьэмокъуэ Iэсият, Сабий творчествэмкIэ унэм натуралистхэмрэ мэкъумэш хозяйствэм хэлэжьыхьэмрэ и къудамэм и гъэсакIуэхэр, абыхэм я гъэсэнхэр, Налшык дэт 20-нэ, 27-нэ курыт еджапIэхэм щеджэ щIыкIуэр, адэ-анэхэр.

Зохуэ нэжэгужэр кьызэIуихащ икIи ирипсэкIуэкIащ Сабий творчествэмкIэ унэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Тарасовэ Ольгэ.

- Нобэрей дэ зэхыхьэр ящыщщ мы мазэхэм ди къэралым щекIуэкI «Псы кабзэ зырижэм-Iуфэ кабзи хуэфащэщ» Iуэхугъуэ зыубгъуам, - жиIащ абы. - ЩIынальэ куэд кьызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэр тегъэщIащ ткIуаткIуэ телъыджэр здежэх къуэхэм я Iуфэхэр гъэкъебзэнным, абыхэм я дежи къыщIэрагъэпэщащ зыгъэпсэхупIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, щыуэпсым хуэсакъын зэрыхуейм теухуауэ щIыхэм я зэхэщIыкIым зегъэубгъуным. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къуващ кIалащхьэм бгъурыж Налшыкыпсым и Iуитlыр республикэм и экологие щIалэгъуалэ организацэхэм хэт щIыхуи 150-м щигъум мы махуэм зэрагъэкъабзэр.

ГуфIэгъуэ мыуохьжыр зи нэгум къищ ныбжьыщIэ щIыкIуэр фащэ зэхуэмыдэ захуигъэзащ сабийхэм Газаев Мухьтар. - Фэращ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъын Iуэхур дяпэкIэ кьызылъысынур. Нобэ екIуэкI псалъэмакъым хуэгъэзэуэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт, Кавказ Ищхъэрэм и псы гъэтIылъыгъэхэм и Iыхьэ пIанэр ди республикэм зэрыщыIэр икIи ар дызыщыгуфIыкI хьуну Iэхуигъэфlхэм зэращыщыр. Ауэ, къэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, дызытепсэкI Щы хьурейр зэрыщыту кьапщтэмэ, псы кьабзэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ щохьу. Апхуэдэ щытыкIэ ди планетэм зэрыщыIэм щыхуэхэр иримыгъэзвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Псым, зэрыщыту кьапщтэмэ щIыуэпсым, щыхьын, пщIэ хуэщIын зэрыхуейм теухуа усэхэм еджакIуэхэр кьеджащ, я макъ жьгъыру дахэ щыкIуэмкIэ уэрэд жаIащ, спектакIль кIащ щыкIуэр кьагъэлъэгъуащ, щыхум и псэукIэм зэщыригъэужькIэ щIыуэпсым ирищIылIэ зэщымыщхъуныгъэхэр зыхуэдэр Iэзагъэ и нэхэлъу кьызыхэщыжьи я Iэдакъэщ IэкI сурэтхэри утыку кьрахьащ.

Щыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министерствэм и Iэщ Iагъэлъ нэхъыжь Бобковэ Валентинэ «Псыр-псэ хэлъхьэжщ» дерсым кьызэхуэсахэр щIигъэдэуащ.

Пшахьым и кIэухым, Газаев Мухьтар сабий гупхэр зэхыхьэм кьезыщэлIа гъэсакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ икIи абыхэм ящыщу нэхъ кьыхэжаныкIаэм езыр зи Iэтащхьэ министерствэм кьыбгъэдэкIыу щIыхь тхыльхэр яритащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри

● Нарт эпос

# Лъэпкъхэм я унэр къапоплъэ

**«Нартхэм я фЫгъуэхэр» еблагъ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэфестивалым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Мэзкуу щыщ школаIуэ 500-м щIигъу. Ар щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт гимназие №29-м.**

КЪЫТЩIЭХЪУЭ щIэблэр лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм, тхыдэм дегъэхьэхыныр, еджакIуэхэм я художественно-творческэ унэтIныныгъэхэр зэфIэгъэувэныр, зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныр къызэгъэпэщынымкIэ мыхьэнэпэхуэ зиIэщ мы Iуэхугъуэр.

Фестивалым хэтахэр я ныбжь елытагъэ гупипIу гуэшауэ щытащ икIи абыхэм утыку крахащ я Iэдакъэщ Iэкl сурэтхэр, лъэпкъ пшынэ, нэгъуэщI IэмэпсымэхэмкIэ нарт макъамэхэр ягъэIуащ, эссе, медиа-арт, щIыхубэ уэрэд-хэмкIэ, эстрадэ уэрэд жьIэкIэмкIэ зэхьэзэхуащ.

Зэпеуэм мыхьэнэ ин зэриIэр нэхъри хьэкъ щиIырт ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр къэзыщытэ жюрим. Абыхэм яхэтащ щIэ зиIэ КъБР-м и цIыхубэ артист, СКГИИ-м и доцент КъуийцIыкIу Валерэ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балкъэр щIэныгъэ центрым и щIыналъэ управленэм информатикэмрэ щIыналъэ гугъуехьхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэм я доктор Нэгъуэй Залымхан, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм цIыхубэ художественнэ IэпщlэлъапщlагъэхэмкIэ и республикэ центрым и унафэщI Урыс Аслъэн, КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъэзэджэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къанокъуэ Фатимэ сымэ.

Зэпеуэм екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэм дипломхэр, саугъэт лъапIэхэр ираташ.

ТекIуахэр курыт еджапIэ №32-м щагъэлъэпIащ. Ар ирагъэкIуэкIащ гимназие №4-м и еджакIуэхэу Щоджэн Аминэрэ Табыхъу Исламрэ.

Фигу къэдгъэкIыжыщи, «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр» дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэфестивалыр Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтымэ ди лъахэгъу сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондымрэ ирагъэкIуэкI. Абыхэм я щIэгъэкъуэнщ КъБР-м и унафэщIхэр, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и министерствэхэр.

- Лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ къызэгъэпэщакIуэхэми: Налшык къалэ округымкIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Ачмыз Светланэ, методист ЛIыIэщын Людмилэ, школхэм я унафэщIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, - жеIэ дунейпсо проектыр зезыгъакIуэ, щ э н х а б з э м к I э Iэ УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща ТIажь Борис.

Сабийхэм я Iэдакъэщ Iэкl сурэт нэхъыфIу 37-рэ мы гъэм и фокIадэм Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым щагъэлъэпIэнущ. ИуэкIа ахэр хьхьэнчуилъэс къэс екIуэкI, Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, хамэ къэралхэм щылажьэ ягъэIэпхъуэ выставкэм. А сурэтхэр къыкIэлъыкIуэу къыдагъэкIыну нарт пеуанхэм ятеуауэ тхыльхэм къыщагъэсебэпынущ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# «Дыгъэ шырым» и гъэсэнхэр

● Пшыхь

**Лэсхэн районым хыхьэ Анзорей жылэм дэт «Дыгъэ шыр» сабий садым иджыблагъэ пшыхь дахэ щекIуэкIащ. Ар хуэгъэпсат мы гъэм сабий садыр къэзыух цIыкIухэм. Махуэшхуэм къахуеблагъат адэ-анэхэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр, къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэр. ЦIыкIухэм зыкъраухыу щыгъын дахэхэр къащылыдыкIт, я нэгум гуфIэр кърихырт.**

ЗЭЩIЭР ирагъэкIуэкIащ гъэсакIуэхэу Хьэмгъуокъу Жаннэ, Жанджэрий Марьянэ, сабийхэм макъамэмкIэ ядэжькъ Къалэбатэ Алянэ сымэ. Сыхьэтитlым щIигъукIэ екIуэкIа пшыхьыр щIэщыгъуэу къызэрагъэпэщащ. Сабийхэм я махуэшхуэр даIыгъыну абыхэм «къахуеблагъащ» гъэм и лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэр, тауриыхэм хэт лЫкъыжьхэр. Абыхэм сабийхэм я зэфIэкIхэр къащытащ, ягъэджэгуащ. Апхуэдэу Уае Дадэм наIуэ къыщIащ цIыкIуэхэм хьэрфхэр зэращIэр. Ар я дэIэпыкъуэгъуэ, яIыгъ хьэрфхэр къагъэсэбэпурэ, абыхэм гъэсакIуэхэм къажриIэ псалъэхэр псынщIэу зэпагъуэвт. Хьэндырыкъакъуэ-зыплъыхьакIуэми фIэгъэщIэгъуэнт сабийхэр еджапIэм зэрыхуэхьэзырыр зригъэщIэну. Абы къипщытащ цIыкIуэхэм школым яхьыну портфельыр зэрызэралъхьэр. Языныкъуэхэм ар пэжу ягъэхъэзыращ: абы далъхьащ тхылъ, тетрадь, ручкэ, къэрэндащ. Ауэ сабийхэм яхэтт зэрыджэгу хьэпшыпхэр иджыри зигу пымыкIхэр... ГъэсакIуэхэм а цIыкIуэм гурагъэIуащ школым апхуэдэ хьэпшыпхэр зэран къазэрыщыхуэхъунур.

Сабий садым, гъэсакIуэхэм, школым теуэхуауэ цIыкIуэр уэсэ къеджащ, уэрэдхэр жаIащ, къафэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIащ, я зэфIэкIыр щагъэунэху джэгукIэхэми хэтащ. Гуп нэхъыщIэхэм щыIэ цIыкIуэхэр къахуеблагъэри, я махуэшхуэмкIэ къъхъуэхъуащ.

- Дыгъуасэ хуэдэщ фэ цIыкIуэхэр фи анэхэм фи Iэпэр яIыгъыу япэу фыкъыщытхуашар, - жиIащ сабий садым и унафэщI Тохъу Риммэ. - Зэманыр псынщIэ дыдэу блэлъэтащ, иджы фэри нэхъ ин фыхъуащ. Садым фэ щыврагъэкIуащ фи сабиигъуэм и лъэхъэнэ нэхъ насыпифIэ дыдэр. АдэкIэ фэ къыфипплъэ школьр, дыщогугъ садым къыщыфщIахэм къыпыфщэу щIэныгъэ лъагэ зэвгъэгъуэтыну, фIыуэ феджэу, гъэсауэ фызэрыщытым теухуа фи щытхъу куэд зэхэтыну. Адэ-анэхэми сынывохъуэхъу фи сабийхэм я гуфIэгъуэ куэд фльагъуну, абыхэмкIэ фиIэ хъуэпсапIэхэр къыпэхъулIэну.

Адэ-анэхэм къабгъдэкIыу сабий садым и унафэщIхэм, гъэсакIуэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Азэмэт Анфисэ. Абы къыхигъэщащ я бынхэм гугъу закъыдезыгъэхьа гъэсакIуэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар, апхуэдэу цIыкIухэм я Iуэху дэкIымкIэ щытыкIэ псори къахуэзэзыгъэпэща абы и лэжьакIуэ псоми фIыщIэ яхуищIащ.

ЗэIущIэм и кIэм Тохъу Риммэ цIыкIуэхэм яритыжащ сабий садыр къызэрауэхам щыхьэт техъуэ тхылъыр икIи дэтхэнэми фэеплъ саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ. АдэкIэ сабийхэр щIыбым къыщIащи, шар гъэпща зэмыфэгъуэхэр уафэгъэм драгъэлъэтеящ.

Махуэшхуэр игъэдэхащ а сабий садым и гъэсэну щыта, «Амикс» театрым хэт Насып Астемыр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**Гу зылъытапхъэ:** Дыгъуасэ къыдэкIа газетым тета «Кисловодск зыщапльхьэ» тхыгъэм, техническэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзэрыхьри, мы сурэтыр гъусэ хуэхъуащ. Сурэтым итхэми адэ-анэхэми зэрымыщIэкIэ къэхъуа щыуагъэр къытхуагъэгъуну догугъэ.

● Хъуэхъухэр

Экономикэмрэ правомкIэ Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыIэм и лэжьакIуэ ХьэфIыцIэ (Шурдым) Эльмирэ Мусэбий и пхъум дохъуэхъу щIэныгъэм щыпхиша гъуэгуанэр кIыхьу, угъурлыуэ къыхущIэкIыну. Иджыблагъэ абы къыIэрыхьэжащ педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат зэрыхъуам щыхьэт техъуэ тхылъыр.

И Iэщlагъэм куууэ хищIыкIыу, иригъаджэ студентхэм бгъэдыхьэкIэ зырыз къахуигъуэтрэ къыдэлажьэхэм пщIэ къыхуащIу яхэт Эльмирэ дохъуэхъу и ехъулIэныгъэ псом иджырей лэжьыгъэр лъабжьэ хуэхъуну. ЩIэныгъэм къыщигъэлъагъуэ зэфIэкIымрэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрыхуэпэжымрэ къыдэкIуэу, ар анэ гумащIэщ, анэшхуэ Iумахуэщ. Бзылъхугъэ насыпым щымыщIэу, щIэныгъэ ехъулIэныгъэхэр и Iэпэгъэу, и куэщI ирипIыкI къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIуэхэм я гуфIэгъуэ илъагъуэ куэдрэ ди япэ итыну дыхуохъуахъуэ.

*Экономикэмрэ правомкIэ Белгород дэт университетым и Налшык къудамэ, «Адыгэ псалъэ» газет, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.*

# Нэхъыфlхэм хабжэ

**Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ Налшык къалэ администрацэм и управленэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтэхэмрэ щратыжащ, СССР-м спортымкIэ и мастер, тренер Iэзэ Высоцкий Владимир и фэеплъу бэнэкIэ хуитымкIэ ирагъэкIуэкIа дунейпсо турнирым екъулIэныгъэкIэ хэта спортсменхэм.**

КРАСНОДАР крайм хыхьэ Гулькевичи къалэм иджыблагъэ щызэхэта я зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъащ Налшык дэт сабий-щIалэгъуалэ спорт школ №93-м и гъэсэныблым.

Абхъазым, Кърымым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Якутием, Къалмыкъым, Ингушым, Ростов областым, Ставрополь крайм къикIа Iэнатlэ ныбжьыщIэхэу 220-рэ (1998 - 1999 гъэхэм къалъхуахэр) зыхэта зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ ГъукIэлI Азэмэт. ЩхьэгъэпсэкIэ Къантемир ещанэ хъуащ. ТIури бэнэкIэ хуитым дехьэх, Налшык дэт лицей №92-м зэгъусэуи щоджэхэр. Ахэр ягъасэ тренерхэу Бэрэгъэн Рашидрэ Бабыгуей Заурэрэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Сабийм и гуфIэгъуэрщ насыпыр!

**Сабий бгъэзгуфIэным нэхъыфI сыт щыIэ! Абыхэм я нэхэм гуфIэгъуэ щIэплъэгъуэныр сыт и уасэ!**

САБИЙХЭМ я хуитыныгъэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Иджыйрей гуманитар академием Нартан къуажэм и интернат-школым и гъэсэнхэм папщIэ щрагъэкIуэкIащ «Гуфlэгъуищэ» пшыхьэр. ЦIыкIуэхэр СГА-м кърагъэблэгъэныр зи жэрдэмыр академием и унафэщI Атэбий Алийц. Ар кьыззэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ «Медведь», «Легион» спорт-клубхэр. Сабийхэм ящIыгъуу СГА-м къэкIуащ интернат-школым и унафэщIым и къудзэ Тау Элеонорэрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Хьэщlэ ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ еджапIэм и унафэщIым и къудзэ Мэрзей Хьэнапи, кхъухьлатэзехуэ, Вагъуэ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща Гончаров Валентин, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Олимп чемпионкэу Кьардэн Муратрэ Хьущт Аслъэнбэчрэ, «ЗЕКО» холдинг компанием и унафэщI Бжэмбей Олег, «Рататуй» зэгухьэныгъэм и унафэщI Ауцэ Анжеликэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Ныбжьыщlэхэм кьыхуэзэрагъэпэща пшыхьыр нэгузыужь ящIащ уэрэджэкIэ гъэзэджэхэу Щал Хьусенрэ Холамханов Къайсынрэ, «Калисто» къэфакIуэ гупым. Пшыхьым спорт джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэр щагъэлъэгъуащ «Медведь», «Легион» спорт клубхэм екIуалIэхэм.

Тау Элеонорэ жиIащ интернатым и гъэсэнхэм щэнхабзэм, гъуэзджэм, спортым екъулIэныгъэ хъарзынэхэр зэрыщIэр. ЕджакIуэ цIыкIуэхэм пшыхьым щагъэлъэгъуащ я зэфIэкI - уэрэдрэ къафэкIэ кьрихьэлIахэр ягъэгуфIащ, усэ кьеджэнкIэ зэпеуащ. «Кабардинка» къэфакIуэ гупым и студием и гъэсакIуэ Битокъу Заремэ интернат-школым и гъэсэнхэм къафэмкIэ дерс ядригъэкIуэкIащ.

ИужькIэ сабийхэр Iэнэм ирагъэблэгъащ. Пшыхьым и кIэхъым абыхэм ираташ саугъэтхэр - спорт Iэмэпсымэхэр, тхылъхэр, Iэфыкlэхэр.

Хьэщlэхэр щрагъэжьэжьи СГА-м и пщIантIэм щыдрагъэльэтеящ щар зэмыфэгъуэхэр, сабийхэм я гум ираубыда лъэIуэхэр уафэм щылэбграхьу.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Щэуей Алихъан и цIэр къраIуэ

**Футбол Лъэпкъ Лигэм (япэ дивизионым) 2013 - 2014 гъэхэм щыIэхэта зэхьэзэхуэм кърикIуахэм щыхэплъэжа зэIущIэшхуэ екIуэкIащ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ зэхьэзэхуэм щыIэхьыфIахэр ягъэбелджылащ. Абы и цIэр къыщIаIуащ «Спартак-Налшык» и гъуащхьэхуэмэныкъуэ Щуэей Алихъан. Ар япэ дивизионым и футболист ныбжьыщIэ нэхьыфIу къалытащ икIи саугъэт щхьэхуэ къратащ.

Щуэей Алихъан 2013 - 2014 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм зэIущIэ 26-рэ щригъэкIуэкIащ икIи я хьэрэхуэрэгъуэм толик яхудигъэкIри, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэуэ нэхъ Iэзэ хъуащ. КъищынэмыщIауэ япэ дивизионым и командэ къыхэхам ираджащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

● Футбол

# ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и чэзу джэгуГъуэм Къэхъун къуажэм щызэIущIат мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъэ хэгъэрейхэмрэ абыхэм къакIэлъеIэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ. Ар зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ хъуащ.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ я деж Европэм и чемпион Къуэшы Амирэ КъБР-м и иужьрей зэхьэзэхуэхэм и гъуащхьауэ нэхъ Iэзэ Шащlэ Бесльэнрэ зи пашэ къэхъундэсхэр хущIэкъуащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-р турнир таблицэм щызэкIэрагъэхуну. АбыкIэ Iэмал хьарзынэ яIэт - я яхрэхуэрэгъуэхэр хагъэщIэн хуейуэ арат. АрщхьэкIэ ар апхуэдэу Iуэху къыззэрыгуэкIтэкъым. «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым и гъуащхьэтету щыта Мызэущ Алик бахъсэндэсхэр мызэмытIэу кьригъэлащ. Ауэ 65-нэ дакъикъэм Шащlэ Бесльэн бжыгъэр къыщызэIуихьыж абыи зыри хуещIакъым.

Топ дагъэкIа иужькIэ пашэхэм я зэпэщIэтыныгъэр хуабжу къызащIэпльащ. Уеблэмэ, ар агъуэупщIыуфакъым уэ щIэльу джэгум и кIэухым щыкIэзыдза уэшхышхуэмрэ жьапщэ кьызэрымыкIуэмрэ. ЩхьэщIэхэм яхуэзфIэкIащ ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр къызэрагъэпэщу пенальти кьалэжьыну икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжьыну.

Пашэхэр зэрызэхэхукIэ «Кэнжэр» абыхэм ящхьэщыкIащ. Ар Прохладнэ къалэм щыIэу хэгъэрейхэм бжыгъэшхуэкIэ ятекIуащ.

Иджы «Кэнжэмрэ» «Къэхъунымрэ» бжыпIэр зэдагуэш. Ар хэт нэхъ хуэфащэми къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэм езыхэм я зэпэщIэтыныгъэм зэхигъэкIынущ. «Бедик» (Аргудан) - **5:1**, «Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Кэнжэ» (Кэнжэ) - **2:6**, «Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - «Бахъсэн» (Бахъсэн) - **1:0**, «Нарт» - «Iэдииху» (Iэдииху) - **5:1**.

**ХЬЭТАУИслъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | «Кэнжэ» | 11 | 9 | 1 | 1 | 39-7 | 28 |
| 2. | «Къэхъун» | 12 | 9 | 1 | 2 | 48-19 | 28 |
| 3. | «Автозапчасть» | 11 | 8 | 2 | 1 | 33-11 | 26 |
| 4. | «Велес» | 12 | 8 | 2 | 2 | 25-24 | 26 |
| 5. | «Спартак-Д» | 11 | 7 | 2 | 2 | 38-18 | 23 |
| 6. | «Тэрч» | 9 | 7 | 0 | 2 | 22-13 | 21 |
| 7. | «Къэбэрдей» | 11 | 6 | 0 | 5 | 25-19 | 18 |
| 8. | «Союз» | 11 | 5 | I | 5 | 28-24 | 16 |
| 9. | «Бедик» | 11 | 5 | 0 | 6 | 28-36 | 15 |
| 10. | «Нарт» | 12 | 4 | 3 | 5 | 34-28 | 15 |
| 11. | «Прохладнэ» | 12 | 4 | 2 | 6 | 26-32 | 14 |
| 12. | «Щэрэдж-2» | 12 | 3 | 2 | 7 | 14-39 | 11 |
| 13. | «Анзорей» | 11 | 3 | 0 | 8 | 24-38 | 9 |
| 14. | «Шагъдий» | 12 | 2 | 3 | 7 | 22-31 | 9 |
| 15. | «ЛогоВАЗ» | 11 | 2 | 1 | 8 | 18-34 | 7 |
| 16. | «Бахъсэн» | 11 | 2 | 0 | 9 | 14-30 | 6 |
| 17. | «Iэдииху» | 12 | 1 | 2 | 9 | 10-45 | 5 |

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.

Газетым хэтахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl э хэм ядолжэныгъэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм -42-26-41; суэттехэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуаугъуэм и I4-м Печатым и хутныныгъэр зэхьэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм № Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыгъэдащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь-секретарым и къуэдзэ Дыцэкl Соня, редактору Текlужь Зарет, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ),* **IтхитIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ). КомпьютеркIэ газетым и тепIэгъэ ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щыградзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №1139

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

## Гъэпцlакlуэ-дыгъуакlуэхэр яубыд

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и полицейхэм къэлыхьуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыж яубыдащ республикэм и щыхьэрым ислъэмейдзэм гъэпцIагъэкIэ сом 18.800-рэ и уасэ мылъку къыIэщIэзыгъэкIа бзаджащIэхэр. Ахэр нэхъапэм мызэ-мытIэу суд зытращIыхьауэ щыта ди щIыпIэм щыщ илъэс 28-рэ, 36-рэ хъу дыгъуэгъуакIуэ-хъунщIакIуэхэрт.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ. НэгъуэщI апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм ахэр пыщIамэ зэхагъэкI.

## Сом мин 95-рэ хэщIыныгъэу

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм къэлыхьуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым яубыдащ Яныкъуей къуажэм мызэ-мытIэу Iэщ къыщадыгъуауэ зыхуагъэфащэ, илъэс 22, 26 зи ныбжь щхьэлыкъуэдзэсIт.

ТхьэмахуитIым кьриубыдэу абыхэм хъунIэм ирадыгъакIащ сом 95.000 и уасэ яныкъуейдзэсхэм я жэмищ.

Яубыдахэм илэжьамкIэ заумысыжащ.

## Гъуэгу насыпыншагъэ

«ВАЗ-21009» автомашинэр зезыгъакIуэр Налшык къалэ Идарым и уэрамым здрикIуэм къащымысэгъ щIыпIэм дежь гъуэгур щызэпызыпущI илъэс 65-рэ зи ныбжь цIыхубзым жьэхэуащ. Лей зытехьар фэбжьхэр игъуэтауэ Республикэ клиникэ сымаджэщым яшащ.

Полицейхэм Iуэхур зэхагъэкI.

*Къэрал кIэущI Iуэхухэмкlэ министерствоу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.*